

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah Panalungtikan

Dina hirup kumbuh sapopoé, manusa teu bisa leupas tina basana. Hakékat basa pikeun manusa nya éta pikeun alat komunikasi. Basa ogé bisa nepikeun pesen ti panyatur ka pamiarsa. Ieu hal nu jadi fungsi utama tina basa téh.

Dumasar kana hakékat jeung fungsi basa di luhur, aya sababaraha wangenan basa numutkeun para ahli, di antarana Wardhaugh (1972: 3) dina Sudaryat (2000: 6) yén basa téh nya éta sistem lambang sora nu arbitrér anu dipaké komunikasi ku manusa. *“Language is systematic means of communicating ideas or feeling by the use of conventionalized signs, sounds, gestures or marks having understood meanings,”* (Webster’s New Collegiate Dictionary, 1981: 641 dina Sudaryat, 2000: 6). Hartina, basa téh nya éta komunikasi idé atawa rasa anu sistematis anu dipaké minangka tanda, sora, jeung peta atawa polah nu konvènsional atawa museur kana harti anu dicangkem.

Nurutkeun Sudaryat (2000: 6), basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvènsional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Lahirna basa Sunda bareng jeung lahirna budaya Sunda anu dipaké ku masarakatna nu aya di tatar Sunda atawa di saluareun tatar Sunda nu boga turunan urang Sunda. Basa Sunda dipaké keur sadirieun jeung keur batur. Keur sadirieun, nya éta dina waktu ngimpi, ngaduga, kukulutus, ngitung, jeung catetan poéan dina agénda pribadi. Keur batur, nalika palémék atawa komunikasi pikeun alat campur gaul jeung papada urang Sunda atawa nu lain urang Sunda tapi ngarti kana basa Sunda jeung geus bisa maké basa Sunda.

Dipakéna basa Sunda téh lain ngan ku urang ménak wungkul atawa jalma nu boga pendidikan luhur, tapi ku sakabéh jalma nu ngarasa di jero dirina ngocor getih Sunda. Boh PNS, patani, pagawé, pajabat, pangusaha, buruh, padagang,

ulama, boh murid, kabéh ngagunakeun basa Sunda pikeun dijadikeun alat komunikasi dina kahirupan sapopoéna, dina unggal kagiatan jeung aktivitas anu raket patalina jeung kahirupan sosial budaya anu makéna.

Lantaran basa Sunda dipaké ku balaréa, digunakeun ku masarakat nu hétérogén, ti rupa-rupa golongan masarakat anu miboga kasang tukang, kabiasaan, jeung interaksi sosial nu béda-béda, ku kituna muncul ragam (variasi) basa anu dipangaruhan ku faktor panyatur jeung pamakéanana. Ragam basa nurutkeun sikep panyatur raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, sarta lomana antara panyatur, pamiarsa, jeung jalma anu dicaritakeun.

Ragam basa nurutkeun atikan formal ngabédakeun ayana ragam basa nyakola jeung ragam basa teu nyakola. Ragam basa ti panyatur anu nyakola ilaharna ébréh lebah ucapan foném-foném tina basa kosta, ngukuhan kaédah basa, boh tata basana boh undak usuk basana.

Dina pamakéan basa aya istilah undak-usuk basa atawa tatakrama basa anu dina enas-enasna mah mangrupa sopan santun dina makéna basa. Anapon wangenan undak-usuk basa anu jéntré nya éta, aturan sopan santun dina makéna basa anu disapukan ku warga masarakatna, guna pikeun silihormat jeung silihajénan, ogé mangrupa hiji sistem dina ngagunakeun ragam basa anu aya patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, sarta peran panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun (Sudaryat, spk., 2007: 294).

Dina nalika prosés komunikasi dipakéna tatakrama basa atawa undak usuk basa téh pikeun silihormat jeung silihajénan papada anu makéna. Ku kituna, undak usuk basa sok dipasing-pasing jadi ragam basa lemes (hormat), ragam basa loma, jeung ragam basa kasar (teu hormat/cohag). Ragam basa lemes (hormat) aya dua rupa, nya éta lemes keur ka batur jeung lemes keur sorangan. Hal éta téh bisa katitén wujudna dina: (a) lisan atawa kecap, (b) pasemon, (c) rengkuh jeung peta, sarta (d) lentong anu merenah.

Basa jeung pendidikan mangrupa dua hal nu teu bisa dipisahkeun. Basa nya éta alat utama pikeun nepikeun pangajaran, kitu deui dunya atikan nu mekarkeun jeung ngaping kamajuan individu atawa kelompok manusa pikeun miboga ajén anu leuwih hadé dina kahirupan di masarakatna. Kiwari, Pamaréntah

nganjurkeun jeung ngawajibkeun keur sakola-sakola nu aya di Tatar Priangan yén basa daérahna urang Jawa Barat, nya éta basa Sunda jadi pelajaran muatan lokal nu wajib diajarkeun ka sakumna murid nu sakola di unit sakola-sakola nu aya di Tatar Sunda.

Ieu hal saluyu jeung nu difasilitasi ku Pamaréntah, saperti anu diébréhkeun dina Perda Provinsi Jawa Barat No. 5 taun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah anu netepkeun basa daérah, nya di antarana basa Sunda kudu diajarkeun di atikan dasar di Jawa Barat. Éta kawijakan sajalan jeung UU No. 22/1999 ngeunaan Pemerintahan Daerah jeung UU No. 20/2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional nu sumberna tina UUD 1945 ngeunaan Pendidikan dan Kebudayaan sarta anu direkomendasi ku UNESCO taun 1999 ngeunaan pemeliharaan basa-basa indung, sarta Peraturan Pemerintah RI No. 19 taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan, Bab III Pasal 7 Ayat 3 – 8, anu unina yén ti mimiti SD/MI/SDLB, SMP/MTs./SMPLB, SMA/MAN/SMALB, jeung SMK/MAK kudu aya pangajaran muatan lokal anu relevan (SKKD, 2007: 87).

Éta hal saluyu ogé anu dicindekkeun dina Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, yén basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi: (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jatidiri (idéntitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di Sakola Dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim Éd., 1980: 151 dina Sudaryat, spk., 2007: 2).

SMP Negeri 1 Purwadadi nu pernahna aya di Dusun Karangpaningal Désa Karangpaningal Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis Provinsi Jawa Barat, dina prosés pangajaran jeung kagiatan diajarna, hususna dina pangajaran *Bahasa dan Sastra Sunda* ngagunakeun basa panganteur basa Sunda, tapi geusan kapangaruhan ku basa Indonesia jeung basa Jawa alatan kaayaan warga sakolana anu leuwih dominan ti urang Jawa.

Asupna jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat téh bisa mangaruhan kabudayaan urang Sunda, nu utamana mah mangaruhan kana basana. Éta hal anu nunjukkeun ayana kontak budaya antara budaya Sunda jeung budaya séjén anu ngawengku kontak basa anu baris ngabalukarkeun ayana kadwibasaan. Sacara sadar atawa teu sadar, tina éta hal bakal muncul masalah campur kode, nya éta pacampurna basa Sunda jeung basa Jawa nalika lumangsungna prosés diajar.

Sacara jéntré, Kridalaksana (2008: 40) nétélakeun naon nu disebut campur kode, yén “*campur kode (code-mixing) adalah penggunaan satuan bahasa dari satu bahasa ke bahasa lain untuk memperluas gaya bahasa atau ragam bahasa, termasuk di dalamnya pemakaian kata, klausa, idiom, sapaan, dsb*”. Nababan (1991: 32) dina Aslinda jeung Syafyahya (2007: 87) nétélakeun ciri anu pangmucunghulna dina campur kode nya éta dina situasi rinéh atawa dina situasi informal. Dina ieu situasi mah kajadian campur kode téh jarang dilakukeun, umpama dina ayana ogé éta kaayaan téh ku sabab taya deui kecap atawa ungkapan anu merenah pikeun ngaganti basa atawa ungkapan tina basa daérah atawa basa asing.

Dumasar kana unsur-unsur kabasaan, Suwito (1983: 78) dina Karsim (2010) nétélakeun yén campur kode bisa dipasing-pasing jadi sababaraha wujud, di antarana nya éta (1) sisipan unsur anu ngawujud kecap, (2) sisipan unsur anu ngawujud frasa, (3) sisipan unsur anu ngawujud wangun baster, (4) sisipan unsur anu ngawujud rajékan, (5) sisipan unsur anu ngawujud ungkapan atawa idiom, jeung (6) sisipan unsur anu ngawujud klausa.

Murid bakal hésé nyangkem kana pangajaran basa jeung sastra Sunda anu ditepikeun ku guru mata pelajaranna. Cukang lantarananna mah tina éta hal, nya éta nalika maranéhna aya di imah mah maranéhna téh ngagunakeun basa Jawa, ari nalika di sakola maranéhna ditungtut kudu bisa ngagunakeun basa Sunda jeung kudu bisa nyangkem kana pangajaran anu ditepikeun ku guruna. Tina éta hal pisan bakal nimukeun masalah téh, nya éta pagedrugna maksud atawa pesen tina omongan nu rék ditepikeun ka nu jadi lawan ngomongna.

Ngaliwatan diajar di sakola-sakola, murid dipiharep mampuh ngaronjatkeun basa anu digunakeun dina komunikasi sapopoé di lingkungan

masarakatna, utamana mah nalika murid aya di lingkungan pendidikan kudu mampuh ngagunakeun basa nu hadé jeung sopan, nya éta basana warga nu nyakola, minimalna mah murid kudu bisa nyangkem kana naon nu ditepikeun ku guruna nalika lumangsungna prosés diajar jeung ngajar, ogé jadi warga nagara nu produktif dina ngagunakeun jeung maké basana.

Panalungtikan ngeunaan campur kode basa Sunda salaku basa panganteur pangajaran dina prosés pangajaran tacan kungsi dilaksanakeun, aya ogé anu medar makéna basa di hiji sakola jeung nu medar campur kode di hiji wewengkon. Ieu baris disebutan, di antarana waé: (1) “Campur Kode Basa Jawa kana Basa Sunda di Wewengkon Tangkolo Desa Tegalurung Kecamatan Cilamaya Kulon Kabupaten Karawang” (Karsim, 2010), (2) “Makéna Basa Sunda di SD Negeri 3 Bojong Kecamatan Langkaplancar Kabupatén Ciamis” (N. Astrini Nursyamsiah, 2010), jeung (3) “Ragam Basa Sunda Panganteur Pangajaran di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kecamatan Kutawaringin Kabupatén Ciamis” (Lilis Lisnawati, 2010).

Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan-panalungtikan anu kungsi dilaksanakeun, saperti nu di sebutkeun di luhur tadi, nya éta ieu panalungtikan leuwih ngarungkab nu jadi masalah sacara nyoksrok jero kana hal campur kode basa Sunda dina basa panganteur pangajaran pikeun murid-murid SMP, sarta ieu panalungtikan medar ogé ngeunaan alih kode. Lian ti éta, ieu panalungtikan ngeunaan campur kode téh tacan kungsi aya di SMP mah, ku kituna panalungtikan ieu diayakeun pikeun murid-murid SMP. Murid-murid di sakola kasebut anu kapangaruhan ku kasang tukang basa indungna, nya éta leuwih dominan murid nu asalna ti kulawarga nu ngagunakeun basa Jawa dina komunikasi sapopoé jeung papada anggota kulawargana, ogé jeung masarakat nu aya disabudeureunna.

Dumasar kana ayana éta kasang tukang masalah di luhur, panalungtikan nu judulna “*Campur Kode Basa Panganteur dina Prosés Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis Taun Ajaran 2012/2013*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

SMP Negeri 1 Purwadadi pernahna aya di Dusun Karangpaningal Désa Karangpaningal Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis. Éta sakola mangrupa lembaga formal nu kaasup ka daérah tatar Sunda (Jawa Barat) anu kaayaan warga sakolana leuwih dominan ti urang Jawa. Ku kituna tina éta hal nunjukkeun ayana kontak budaya antara budaya Sunda jeung budaya séjén, nya éta budaya Jawa anu ngawengku kontak basa nu baris ngabalukarkeun ayana kadwibasaan. Sacara sadar atawa teu sadar, tina éta hal bakal muncul masalah-masalah kabasaan lianna, di antarana nya éta ayana kajadian bilingualisme, diglosia, alih kode, campur kode, jrrd.

Sangkan museur kana masalah nu ditalungtik, puguh galur, jeung babari dianalisisna, ieu panalungtikan téh diwatesanan kana masalah campur kode jeung alih kode basa Jawa sarta basa Indonesia kana basa Sunda, hususna dina basa panganteur pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi Désa Purwadadi Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis. Ieu hal patali jeung samporétna waktu, biaya, katut tanaga nu nalungtik.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta identifikasi/watesan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, ieu masalah diwangun ku sababaraha patalékan saperti di handap:

- 1) Kumaha kasang tukang dipakéna basa Sunda ku guru jeung murid SMP Negeri 1 Purwadadi dina kahirupan sapopoéna?
- 2) Kumaha alih kode jeung campur kode basa Jawa jeung basa Indonesia kana basa Sunda dina pangajaran basa jeung sastra Sunda di kelas VII SMP Negeri 1 Purwadadi?
- 3) Sabaraha jumlah kecap alih kode jeung campur kode basa Jawa jeung basa Indonesia anu dipaké dina basa Sunda salaku basa panganteur pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho ayana kajadian alih kode jeung campur kode dina basa panganteur prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis, ogé pikeun ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan basa, alih kode, jeung campur kode.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, tujuan anu dipiharep bisa dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Kasang tukang dipakéna basa Sunda ku guru jeung murid SMP Negeri 1 Purwadadi dina kahirupan sapopoéna.
- 2) Alih kode jeung campur kode basa Jawa jeung basa Indonesia kana basa Sunda dina pangajaran basa jeung sastra Sunda di kelas VII SMP Negeri 1 Purwadadi.
- 3) Jumlah kecap basa Jawa jeung basa Indonesia anu dipaké dina basa Sunda salaku basa panganteur pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep mikanyaho kana kaayaan alih kode jeung campur kode anu lumangsung di SMP Negeri 1 Purwadadi jeung bisa méré sumbangsih pikeun élmu pangaweruh, utamana dina alih kode jeung campur kode basa Jawa sarta basa Indonesia kana basa Sunda dina pangajaran basa jeung sastra Sunda pikeun ngaronjatkeun pangaweruh basa Sundana murid SMP Negeri 1 Purwadadi, utamana murid kelas VII.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat nu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan sacara praktis, nya éta:

- 1) Pikeun ngainformasikeun ngeunaan pentingna basa daérah (basa Sunda) salaku basa panganteur boh dina prosés pangajaran boh dina kagiatan sapopoé nu aya di Sekolah Menengah Pertama (SMP) kelas handap pikeun ngalancarkeun pangajaran-pangajaran nu lianna.
- 2) Sangkan basa Sunda dipaké, dimekarkeun, jeung dimangpaatkeun ku urang Sundana sorangan salaku nu boga éta basa, sangkan basa Sunda tetep hirup apanjang-apunjang di daérahna sorangan, ogé sangkan jati diri urang Sunda teu leungit ku alatan urang Sundana sorangan anu teu maké basana.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, nya éta bab anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat/signifikansi panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori jeung Anggapan Dasar, nya éta bab anu eusina ngawengku wangenan basa jeung basa Sunda, kalungguhan jeung fungsi basa, ragam basa Sunda, basa Sunda dina pangajaran di sakola, alih kode jeung campur kode, sarta anggapan dasar.

BAB III Méthode Panalungtikan, nya éta bab anu eusina ngawengku lokasi, subjék populasi, jeung sampel panalungtikan, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, definisi operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Analisis Campur Kode Basa Panganteur dina Prosés Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi Kecamatan Purwadadi Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2012/2013, nya éta bab nu eusina ngawengku data jeung hasil panalungtikan.

BAB V Panutup, nya éta bab anu eusina ngawengku kacindekan jeung saran.

Daftar Pustaka jeung Lampiran-Lampiran.

Novika Dewi, 2013

Campur Kode Basa Panganteur Dina Prosés Pangajaran Basa Jeung Sastra Sunda Di SMP Negeri 1 Purwadadi Kecamatan Purwadadi Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2012/2013
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu